

Depatman Transpòtasyon
Lekòl Leta Miami-Dade County

TRANSPÒTASYON OTOBIS LEKÒL
POU ELÈV LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

Paran/Gadyen elèv ki nan Lekòl Leta Miami-Dade County.

Silvouplè revize enfòmasyon enpòtan sa a ki gen rapò ak règleman, règ, e pwosedi pou transpòtasyon elèv nan Distri Lekòl Leta Miami-Dade County.



1YE PATI

RESPONSABLITE PARAN, GADYEN, AK ELÈV KI PRAN OTOBIS LEKÒL
LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY SÈVI

a. Responsablite paran ak gadyen elèv ki pran otobis lekòl yo.

Règleman 6A-3.0121 Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a pale sou responsablite paran ak gadyen elèv ki itilize transpòtasyon sou frè leta. Li di:

- (1) Paran ak gadyen ap asire transpòtasyon ki gen sekirite pou elèv yo pandan pòsyon chak pakou pou ale e soti lekòl ak lakay lè elèv yo pa sou responsablite ak kontwòl distri lekòl la, ki gen ladan chak pakou pou ale e soti lakay ak estasyon otobis nou ba yo lè distri lekòl la bay transpòtasyon otobis.
- (2) Paran ak gadyen ap asire elèv yo pran otobis lekòl nou ba yo sèlman e desann nan estasyon otobis nou ba yo sèlman, eksepte lè distri a apwouve otobis oubyen aranjman altènatif.
- (3) Paran ak gadyen ap asire elèv yo okouran e suiv kòd pou konduit elèv distri a adopte pandan elèv yo nan estasyon otobis lekòl yo e ba yo sipèvizyon ki nesèsè nan lè otobis la pa la.
- (4) Paran ak gadyen ap asire, lè andikap fizik yon elèv rann li difisil pou elèv la monte e desann otobis la san asistans, pou paran oubyen gadyen an bay asistans nesèsè pou elèv la monte e desann otobis la nan estasyon an, jan règ distri a oubyen "Individual Education Plan (IEP)" (Plan Edikasyon Endividyèl) elèv la mande li.

b. Règleman sou Estasyon Otobis.

- (1) Elèv yo ta dwe nan estasyon otobis nou ba yo omwen di (10) minit anvan lè yo pwograme pou pase pran yo. Rezon an se paske sikilasyon **enprevizib**. Chofè nou yo ap fè tout efò pou yo rive nan estasyon otobis yo dapre pwogram nou etabli a, men nou pa ka garanti otobis la ap ka toujou rive egzakteman alè.
- (2) Chofè yo pap tann elèv ki anreta.
- (3) Elèv yo pa dwe kanpe nan lari a pandan yo ap tann otobis.
- (4) Elèv yo dwe travèse wout la **sèlman devan otobis la** lè trafik la rete konplètman avèk limyè wouj k ap flache e siyal ki montre otobis la kanpe. Elèv yo pa dwe **JANM** travèse lari a dèyè otobis la.
- (5) Elèv yo dwe antre nan otobis la e desann nan lekòl ak estasyon elèv yo nan yon fason ki annòd. Sa mande pou elèv yo avanse toutan:
 - San yo pa mache twò vit e san trennen
 - San yo pa fè foul, pouse, oubyen bouskile
 - Avèk respè pou pwòp sekirite pa yo e sekirite lòt yo.
- (6) Lè yon elèv gen yon Plan Edikasyon Elèv oubyen Plan “504” ki mande sipèvizyon paran nan yon estasyon otobis, paran/gadyen elèv sa a dwe nan estasyon otobis la omwen di (10) minit anvan lè yo pwograme pou depoze li nan aprèmidi. Ankò, se paske sikilasyon an **enprevizib**. Chofè nou yo ap fè tout efò pou rive nan estasyon otobis yo dapre pwogram nou etabli a, men nou pa ka garanti otobis la ap toujou rive egzakteman alè.

c. Règleman pou elèv pandan yo nan otobis la.

Nou mande pou elèv ki pran otobis lekòl yo obsève Règ Kòd pou Konduit Elèv Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County yo, ak règ Depatman Transpòtasyon ki ap suiv yo.

- (1) Elèv, lè yo ap monte otobis la, dwe ale dirèkteman nan yon plas ki vid e chita pi vit posib. Si direktè lekòl la (oubyen moun direktè a deziyen) e/oubyen chofè otobis lekòl la bay elèv yo plas espesifik, elèv yo dwe chita sèlman nan plas yo ba yo a.
- (2) Otobis lekòl Depatman Transpòtasyon Lekòl Leta Miami-Dade County sèvi ekipe avèk senti sekirite. Menmlè chofè otobis pa ka fòse elèv boukle senti sekirite yo, tout elèv ta dwe tache senti sekirite yo e kenbe yo tache pandan tout pakou pou ale e soti lekòl yo.
- (3) Elèv dwe rete chita pandan tout pakou pou ale e soti lekòl yo.

- (4) Elèv dwe pòte atansyon a chofè otobis lekòl la e asistan otobis lekòl la (si yo deziyen youn pou wout otobis la) e toujou suiv enstriksyon ak direksyon yo. Yo responsab pou sekirite elèv yo konfyè yo. Nou bay chofè otobis yo lòd pou yo rete bò wout la e pake otobis la nenpòt lè yo santi move konpòtman nenpòt elèv menase sekirite elèv yo e/oubyen sekirite nan fonksyonman otobis la.
- (5) Elèv dwe rete trankil ase pou yo pa detounen atansyon chofè otobis la sou wout la. Elèv dwe, toutan:
- Evite fè bwi, rele, ak fè lòt aktivite tibilan
 - Evite konvèsasyon ki pa nesèsè avèk chofè otobis la
 - Evite aktivite ki enkyete oubyen distrè chofè otobis la e ki ka mete pwòp sekirite elèv la ak sekirite lòt elèv yo andanje
- (6) Lè y ap travèse ray tren – elèv dwe rete konplètman trankil.
- (7) Elèv ka jwe aparèy mizik lè yo nan otobis lekòl sèlman lè yo mete “ear buds” oubyen “headphones” (aparèy son pou zorèy).
- (8) Elèv PA ka, manje, bwè, oubyen fimen lè yo nan otobis lekòl la.
- (9) Elèv pa dwe JANM lonje men, bra, tèt, oubyen lòt pati kò yo deyò fenèt otobis la.
- (10) Elèv pa dwe voye oubyen simen dechè papye ak lòt fatra sou planche otobis la oubyen deyò fenèt otobis la.
- (11) Elèv dwe kenbe sak lekòl yo, bwat repa midi yo, ak lòt afè pèsònèl yo sou janm yo. Si gen ase plas, atik sa yo ka ale sou chèz akote elèv la oubyen atè anba chèz kote elèv la chita a.
- (12) Elèv pa dwe fè ekspresè make, abime, domaje, oubyen detwi kèlkeswa pati nan otobis la, ekipman ki ladan, oubyen espas ki antoure estasyon otobis la.
- (13) Yo pa ka ekspoze okenn siy nan otobis la.
- (14) Elèv pa ka sèvi kòm monitè otobis.

2YÈM PATI
KESYON MOUN POZE SOUVAN

a. Kijan pou m fè konnen ki wout otobis pitit mwen an pral pran?

- Fason ki pi fasil pou jwenn enfòmasyon sou wout otobis se konekte nan “**PARENT PORTAL**” (**PÒTAL PARAN**) nan www.dadeschools.net. Yon fwa ou konekte nan **PÒTAL PARAN** an, w ap wè yon bouton nan kwen anlè ekran an ki di “**BUS INFO**” (**ENFÒMASYON SOU OTOBIS**). Klike sou “**BUS INFO**” e w ap ka wè enfòmasyon sou otobis yo bay pitit ou a, ki gen ladan kote estasyon an e ki lè yo pase.
- Nou mete ajou enfòmasyon sou otobis nou bay sou **PÒTAL PARAN** an chak swa. Nou ankouraje paran/gadyen pou tcheke enfòmasyon ki sou **PÒTAL PARAN** an regilyèman, pou yo ka toujou gen enfòmasyon ki pi ajou a sou transpòtasyon otobis pitit yo a (nou ka chanje lè otobis yo atravè tout ane a, akoz chanjman nan anwolman lekòl nou yo).
- Si w pa gen aksè sou yon òdinatè oubyen ou pa ka jwenn aksè sou sit Entènèt distri a nan yon “smartphone” (telefòn smart), silvouplè kontakte **lekòl** pitit ou a pou asistans.

b. Kijan pou m mande chanjman nan estasyon otobis pitit mwen an?

- Chofè otobis pa otorize pou chanje estasyon otobis. Nou mete estasyon otobis ou a pou tout elèv ki abite nan katye w e, dapre règleman Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a, li ka jiska 1½ “miles” de kay ou. Pifò estasyon otobis nou yo 2 a 6 blòk distans nan vil la. Si ou gen kesyon konsènan yon estasyon otobis, kontakte lekòl pitit ou a.
- Biwo Wout Otobis Lekòl Depatman Transpòtasyon an detèmine lokasyon estasyon otobis yo. Nou mete elèv edikasyon regilye yo nan estasyon katye ki sèvi lekòl pitit ou a. Sekirite elèv se premye konsiderasyon lè nou ap detèmine lokasyon estasyon otobis yo, e Biwo Wout Otobis Lekòl yo sèvi avèk plizyè kritè lè yo ap seleksyone lokasyon yo. Pa egzanp, nou pa mete estasyon otobis nan lokasyon kote elèv ta gen pou mache atravè sèten wout ki gen plizyè liy pou yo monte oubyen desann yon otobis.
- Nou chanje estasyon otobis sèlman pou rezon sekirite. Nou pa chanje estasyon otobis paske estasyon an pre yon kay, li pèmèt paran yo wè nan estasyon an pandan yo lakay yo, yon otobis pase yon kay pou l ale nan estasyon an, pa gen twotwa, oubyen li ka fè nwa deyò a. Jan nou eksplike nan 1ye Pati feyè sa a, se responsablite paran yo ak gadyen yo pou akonpaye pitit yo nan estasyon otobis la e pou sipèvizè yo jiskaske otobis la rive nan estasyon an.

c. E si m vle pitit mwen an desann nan yon diferan estasyon otobis?

- Nou bay elèv estasyon otobis ki etabli nan katye yo ki pi pre adrès kay yo. Nou pa pèmèt chanjman estasyon otobis pou preferans pèsonèl tankou desann otobis la pi bonè/pita oubyen rete avèk zanmi nan katye a.

d. Poukisa pitit mwen an pa ka resevwa yon estasyon otobis?

- Lwa ak Règleman Komisyon Konsèy Edikasyon Eta Florid bay transpòtasyon pou elèv edikasyon regilye sèlman lè elèv la abite plis pase 2 “miles” de lekòl yo ale a. Biwo Wout Otobis Lekòl Depatman Transpòtasyon an fè tout efò posib pou asire yo mezire distans ant lakay ak lekòl yo avèk presizyon e daprè demand Règleman Florid ak Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a. Mezire distans nan sèvi ak aplikasyon Entènèt tankou “*MapQuest*” ak “*Google Earth*” ap bay diferan rezilta nou pa itilize pou konsidere elijibilite pou transpòtasyon.
- Nan ka kote yon elèv pa elijib pou transpòtasyon nan yon otobis lekòl leta, paran ka mande yon “*Space Available Bus Pass*” (*Pas pou Espas Disponib nan Otobis*) nan lekòl pitit yo a.
 - Lekòl yo ka bay *Pas pou Espas Disponib nan Otobis* jis aprè (10yèm) jou lekòl nan ane a ki se (madi 8 septanm 2015).
 - Yo ap bay *Pas pou Espas Disponib nan Otobis* sèlman lè gen yon plas disponib nan yon otobis yon elèv ki elijib pou transpòtasyon pa bezwen. Si yo ta vin bezwen plas ki disponib la pou yon elèv ki elijib aprè yo te bay *Pas pou Espas Disponib nan Otobis la*, lekòl la ap anile pas la.
 - Elèv ki pran otobis sou *Pas pou Espas Disponib nan Otobis* ka itilize sèlman estasyon ki etabli pou elèv ki elijib yo. Yo pa ka kreye nouvo estasyon pou sèvi elèv ki itilize otobis avèk *Pas pou Espas Disponib nan Otobis*.

e. E si otobis pitit mwen an anreta nan aprèmidi?

- Paran/gadyen ka rele Sant Transpòtasyon ki apwopriye a si otobis la plis pase di (10) minit anreta lè pou l rive nan estasyon otobis la. Silvouplè kite di (10) minit pase, paske sikilasyon **enprevizib**. Chofè nou yo ap fè tout efò pou yo rive nan estasyon otobis yo daprè pwogram yo etabli a, men nou pa ka garanti otobis ap ka toujou rive egzakteman alè.
- Pou ka konnen ki Sant Transpòtasyon pou rele, w ap bezwen konnen **nimewo wout otobis** pitit ou a. Nimewo wout otobis la parèt nan siy ki akote pòt antre otobis lekòl la. Tablo anba a montre ki nimewo wout otobis chak nan sèt Sant Transpòtasyon distri lekòl la sèvi.

NIMEWO WOUT	SANT TRANSPÒTASYON	NIMEWO TELEFÒN
2000 – 2999	Nò	305-625-9086
3000 – 3999	Sid	305-248-3380
4000 – 4999	Nòdès	305-638-1658
5000 – 5999	Sidwès	305-234-0046
6000 – 6999	Nòdwès	305-887-2383
7000 – 7000	Santral-Wès	305-227-1995
9000 – 9999	John Schee	305-681-1576

f. E si mwen gen yon enkyetid sou chofè otobis lekòl oubyen asistan otobis lekòl nan otobis pitit mwen an?

- Silvouplè kontakte Sant Transpòtasyon ki sèvi otobis pitit ou a e mande pou pale avèk “Administratè ki de sèvis la.” Ankò, w ap bezwen konnen **nimewo wout otobis** pitit ou a pran an pou ka konnen ki Sant Transpòtasyon pou kontakte (wè enfòmasyon ki sou paj anvan an).

g. E si mwen gen yon enkyetid konsènan yon bagay ki te rive ant pitit mwen an ak lòt elèv ki pran otobis la?

- Si pitit ou a te di chofè otobis lekòl la oubyen asistan otobis lekòl la yon bagay ki te rive pandan li te nan otobis la, chofè a ap ranpli yon rapò bay lekòl la.
- **Paran ak gadyen dwe toujou kontakte lekòl pitit yo a lè yo gen enkyetid sou yon bagay ki ta rive ant pitit yo a avèk lòt elèv nan otobis la.** Daprè règleman Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a, Direktè Lekòl yo (pa Transpòtasyon) responsab pou envestige deklarasyon sou konduit ki pa apwopriye elèv ki pran otobis lekòl e detèmine ki mezi disiplinè sa ka mande. Direktè lekòl yo ap kowòdone avèk Transpòtasyon jan li apwopriye sou tout envestigasyon yo.

VIN KONDUI AVÈK NOU!!

Lekòl Leta Miami-Dade County ap anplwaye chofè otobis!

Pou **kalfiye** pou vin yon chofè otobis ou dwe:

- Gen prè omwen 5 ane eksperyans konduit avèk lisans
- Gen yon dosye konduit ki ekselan
- Kapab pase tchèk sou vi pase (anprent obligatwa), egzamen fizik, e egzamen dwòg
- Renmen rete alantou e travay avèk timoun
- Pale e li Anglè byen ase pou pase egzamen ekri (jan Eta Florid mande) e konprann enstriksyon Kontwolè Transpòtasyon yo bay. Anplis, Pale Espayòl e/oubyen Kreyòl Ayisyen kouramman, se yon avantaj!!

Benefis yo gen ladan:

- Salè pou kòmanse se \$12.18 pa è.
- Jwenn asirans sante ak lòt benefis yon fwa ou fini fòmasyon.
- Travay sèlman lè lekòl an sesyon. Ou ka lakay ou avèk pitit ou lè yo pa lekòl!
- Travay nan yon pozisyon ki ka fè yon **vrè diferans** nan lavi **timoun nou yo!**

Pou Aplike: ale nan Paj Akèy la nan www.dadeschools.net

- klike sou “Discover M-DCPS” (Dekouvri M-DCPS) epi
- klike sou “Human Resources” (Resous Imèn)